दिन—सोमवार | दिनांक—10.02.2025

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ | अवधिः—05 मिनट

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी आइ परीक्षा पे चर्चा कार्यक्रम मे देश भरिक कतेको विद्यालयक परीक्षार्थी सभक संग संवाद कयलनि। श्री मोदी देशक कतेको चुनिंदा विद्यालयक संग—संग गया जिलाक छात्र विराज कुमारक संग सेहो संवाद कयलनि। प्रधानमंत्री बच्चा सभ के परीक्षाक बीच होयवला तनाव सँ निपटबाक लेल कतेको सूत्र सेहो जनौलनि। राज्य मे कतेको केन्द्रीय विद्यालय, नवोदय विद्यालय आओर निजी विद्यालय सभ मे प्रधानमंत्रीक कार्यक्रम के प्रसारित कयल गेल। एम्हर पटनाक बेली रोड़क केन्द्रीय विद्यालय मे बच्चा सभ परीक्षा पे चर्चा कार्यक्रम मे भाग लेलनि। बच्चा सभ प्रधानमंत्रीक संबोधन के आओर संवाद कार्यक्रम के बेसी प्रेरणादायक जनौलनि।

---

राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मू आइ भोर प्रयागराजक महाकुंभ आबि कऽ त्रिवेणी संगम मे स्नान आओर पूजा—अर्चना कयलनि। श्रीमती मुर्मू प्रयागराज मे अक्षयवट आओर पैघ हनुमान मंदिर सेहो गेलीह। राष्ट्रपति डीजिटल महाकुंभ अनुभव केन्द्र मे आधुनिक तकनिक द्वारा महाकुंभक गहन जनतब लेलनि। हुनक संग उत्तर प्रदेशक राज्यपाल आनंदीबेन पटेल आओर मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ सेहो छलाह। महाकुंभ मे अखन धरि तैतालीस करोड़ सँ बेसी श्रद्धालु आओर तीर्थयात्री सभ त्रिवेणी संगम मे डुबकी लगौलनि अछि।

---

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आइ अपन प्रगति यात्राक क्रम मे नवादा गेलाह। एहि बीच ओ जिला लेल कतेको विकास योजनाक घोषणा आओर लोकार्पण कयलनि। मुख्यमंत्री एहि मौका पर रजौली प्रखंडक करी गाम मे आयोजित एक कार्यक्रम मे जीविका दीदी सभक संग संवाद सेहो कयलनि। मुख्यमंत्री जनौलनि जे शीघ्रहिं सकरी नदी पर रजौलीक रोह आओर गोवीन्दपुर प्रखंड के जोड़यबला पुल आओर रस्ता—बाट बनाओल जायत। ओ नवादा शहर मे सिटी सर्विलांस लेल एक नियंत्रण कक्ष बनेबाक सेहो घोषणा कयलनि। श्री कुमार जनौलनि जे नवादा मे मेडिकल कॉलेज सह अस्पताल बनाओल जायत। मुख्यमंत्री जिला मे कतेको

विकास परियोजनाक प्रगति के लऽकऽ जिला मुख्यालय मे अधिकारी सभक संग एक समीक्षा बैसक सेहो कयलनि।

———————————————————————

श्रम आ रोजगार मंत्री डॉक्टर मनसुख मांडविया आइ जनौलनि जे केन्द्र सरकार महिला सभ लेल वेतन असमानता आओर कार्य स्थल सुरक्षा जेहेन मुद्दा के हल करबाक लेल विधायी आओर आनो–आन उपाय कयल गेल अछि। श्री मांडविया लोकसभा मे एक लिखित उत्तर मे जनौलनि जे सरकार महिला श्रमिक सभक सुरक्षा आओर कल्याण करबाक लेल नियोक्ता सभ लेल सलाह सहित कतेको अधिनियम आओर वेतन संहिता लागू कयलक अछि। मंत्री जनौलनि जे सरकार महिला सभक रोजगार क्षमता मे सुधार लेल मिशन शक्ति, नमो ड्रोन दीदी आओर लखपति दीदी जेहेन महिला केंद्रित योजना आओर राष्ट्रीय आ क्षेत्रीय व्यावसायिक प्रशिक्षण संस्थान सभ मे विशेष कार्यक्रम के सेहो लागू कऽ रहल अछि।

———————————————————————

प्रदेश मे जमीन सर्वे लेल रैयत सभ एकैस फरवरी धरि ऑनलाईन माध्यम सँ स्वघोषणा आओर वंशावली जमा नहि कऽ सकताह। सर्वर मे कयल जा रहल बदलिक कारण राजस्व आओर भूमि सुधार विभाग ई निर्णय लेलक अछि। भू–अभिलेख आओर परिमाप निदेशालय रैयत सभ सँ जनौलक अछि जे जमीनक स्वघोषणा अंचलक शिविर कार्यालय मे जा कऽ ऑफलाईन जमा करा सकैत छथि। स्वघोषणा जमा करबाक ऑनलाईन व्यवस्था बाईस फरवरी सँ फेर सँ शुरू होयत। ध्यातव्य अछि जे राज्य मे मार्च दू हजार पच्चीस धरि स्वघोषणा जमा करबाक लेल जनाओल गेल अछि। अखन धरि अठहतरि लाख रैयत सभ स्वघोषणा जमा कऽ चुकल छथि।

———————————————————————

केन्द्रीय सूक्ष्म, लघु आ मध्यम उद्यम मंत्री जीतनराम मांझी जनौलनि अछि जे पीएम विश्वकर्मा योजनाक उद्देश्य अपन हाथ आओर औजार सँ काज करयबला कारीगर आओर शिल्पकार सभ के शुरू सँ अंत धरि मददि करब अछि। ओ जनौलनि जे ई योजना के लागू करबाक लेल जोर–शोर सँ कार्यक्रम चलाओल जा रहल अछि।

———————————————————————

प्रदेश भरिमे आइ सँ फाइलेरिया सँ बचाव आओर रोग नियंत्रण लेल दवाई खुएबाक अभियान शुरू भऽ गेल। ई अभियान चौदह दिन धरि चलत। ई अभियान मे लोक सभ के फाइलेरिया सँ बचबाक दवाई विशेषज्ञ सभक सोझा खुआओल जायत।

———————————————————————

प्रदेशक पैक्स सभ मे आइ सँ सहकारी चौपाल शुरू भऽ गेल जे एक मास धरि चलत। विभागक संयुक्त सचिव कामेश्वर ठाकुर जनौलनि जे चौपाल कार्यक्रमक बीच नुक्कड़—नाटक द्वारा ग्रामीण सभक बीच सहकारिता विभागक योजनाक प्रचार—प्रसार कयल जायत। एहि मे कृषि सलाहकार, कृषि समन्वयक, प्रखंड सांख्यिकी पदाधिकारी सहित आनो—आन अधिकारी सभ के आमंत्रित कयल जायत।

———————————————————————

प्रदेशक सरकारी विद्यालय सभ मे विद्यार्थी सभ के साईकिल, पोषाक, छात्रवृति आओर आनो—आन प्रोत्साहन योजनाक राशिक भोगतान बिना आधार सँ जुड़ल बैंक खाता मे सेहो होयत। विद्यार्थी सभक आधार सिडिंग खाताक कम संख्या के देखैत शिक्षा विभाग अपन पहिनेक निर्णय मे बदलि कयलक अछि।

———————————————————————

समाप्त